

3 mas 2020

Chè fanmi,

Pandan wikenn lan, Depatman Sante ak Lijye Mantal (Department of Health and Mental Hygiene, DOHMH) Vil Nouyòk te konfime premye ka nouvo coronavirus (COVID-19) la nan Vil nouyòk. Pandan nou tout te espere pou moman sa a pa t rive sou nou, se yon bagay Vil la te byen prepare pou li. Nan moman sa a, li enpòtan pou tande bonjan enfòmasyon epi pou pa reyaji avèk laperèz. Malgre premye ka nou konfime a, Moun k ap viv Nouyòk pa gen gwo risk pou pran viris la..

Sante ak sekirite tout elèv nou yo kontinye rete pi gwo priyorite nou. Pandan n ap swiv sitiyasyon an, n ap ranfòse kèk pwotokòl ak bay lòt resous tankou:

- Bay ajan CDC apwouve pou netwaye chak lekòl
- Asire tout twalèt yo kontinye genyen anpil savon ak sèvyèt papye epi ankouraje elèv ak estaf lave men yo souvan.
- Asire direktè ak enfimyè lekòl yo gen resous ak gid yo bezwen pou detekte ak rapòte sentòm ki prezante nan lekòl epi bay èd pou nenpòt moun ki konsène.

N ap travay nan kolaborasyon avèk Depatman sante pou nou kontinye revize pwotokòl nou yo pandan sitiyasyon an ap evolye epi n zp enfòmasyon paran ak lekòl nou an sou nenpòt konsekans posib ki ta ka genyen. N ap mete tout dènye enfòmasyon yo sou sitwèb nou an nan schools.nyc.gov/coronavirus.

Pa gen plan pou nou fèmen lekòl kounye a. Se yon gwo mezi ki ka deranje lavi toulejou, epi desizyon pou nou aplike yo pral depann sèlman de ekspè sante piblik. N ap fè w sonje, li enpòtan pou tout moun k ap viv Nouyòk kontinye pratike mezi prevansyon jeneral kont enfeksyon ak viris tankou:

- Kouvri bouch ou ak nen w avèk yon mouchwa an papye oswa manch rad ou
- Lave men w regilyèman
- Evite manyen figi w
- Evite gen kontak avèk moun ki malad
- Pran vaksen kont grip (flu shot) – li pa janm twò ta
- Rete lakay ou si w santi w pa pote w byen. Rele doktè w epi fè l konnen sentòm ou genyen ak ki kote ou te vwayaje.

Nou ankontak dirèk ak regilye avèk direktè yo pou asire yo gen enfòmasyon ki tou nèf yo ak repons pou nenpòt kesyon ki ta ka genyen. Anplis, n ap fè tout fanmi sonje yo ka resevwa mizajou sou sijè sa a ak plizyè lòt si yo kreye yon kont lekòl Vil Nouyòk (NYC Schools Account). Tanpri ale sou <https://mystudent.nyc/> pou kreye yon kont epi mete ajou enfòmasyon pou yo kontakte w nan ka ijans.

Tanpri li [Fèy ki gen kesyon moun poze souvan \(Frequently Asked Questions, FAQ\)](#) (li ann anglè sèlman) nou mete avèk lèt sa a pou plis enfòmasyon, oswa ale sou nyc.gov/coronavirus nenpòt lè pou jwenn enfòmasyon ki enpòtan. . Sante ak sekirite elèv nou yo kontinye rete prensipal priyorite nou epi n ap swiv tout konsèy ak pran tout mezi ki apwopriye kòm sadwa.

Avèk senserite,



Richard A. Carranza
Chanselye
Depatman Edikasyon Vil Nouyòk